



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ETA NEW YORK YO POU ONORE FÈT SEN PATRIK LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an vè aswè a, 17 mas la, pou onore Fèt Sen Patrik la.

"Sa gen plis pase 100 ane, paran papa m te imigre soti nan Konte Kerry nan Iland pou vini Etazini, epi antanke ofisyèl eli Ilandè-Ameriken nan pi wo nivo nan Eta New York, mwen fyè pou mwen onore kontribisyon Nouyòkè Ilandè-Ameriken yo te fè nan eta nou an ak nan peyi nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, nou rekonèt lespri tenasite, pèsèverans ak rezistans Ilandè-Ameriken a, epi mwen swete plizyè milye Nouyòkè k ap selebre jodi a yon Fèt Sen Patrick ki an sekirite epi ki pote kè kontan."

Moniman ki dwe limen pou onore Fèt Sen Patrick yo enkli:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)